

Svondo remichindwe



**Wakaropafadzwa Uyo unouya nemuzita raShe.
Mapisarema 118:26**

Zakariya 9:9-10

Mambo wako arikuuya

9 Fara kwazvo iwe mukunda weZioni; pururudza iwe mukunda weJerusarema; tarira, mambo wako anouya kwauri; ndiye wakarurama, ndiye unokunda; unozvinipisa, akatasva mbongoro, iyo mhuru mwana we mbongoro. 10 Ndichaparadza ngoro pakati paEfraimi, namabhiza pa Jerusarema; vuta vokurwa vuchaparadzwa; uchataurira nhudzi dzavanhu rugare; ushe hwake huchabva pagungwab kusvikira pagungwa, nokubva kuRwizi Kusvikira kumigumo yenyika.

Hosanna, Loud Hosanna

Jeanette Threlfall

**Hosanna, loud hosanna,
The little children sang;
Through pillared court and temple,
The lovely anthem rang.
To Jesus, who had blessed them,
Close folded to His breast,
The children sang their praises,
The simplest and the best.**

Mateo 21:1-11

Jesu anogamuchirwa muJerusarema

Vakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2 achiti kwavari, “Endai kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure muuye nadzo kwandiri. 3 Kana pano munhu anotaure chinhu kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida uye achadzidzosa nokukurumidza.”

4 Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofito achiti:

5 “Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira, Mambo wako anouya kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro, ari pamusoro pomwana wembongoro.’”

6 Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu. 7 Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguwo dzavo pamusoro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo. 8 Vanhu vazhinji vakawarira nguwo dzavo mumugwagwa, vamwewo vakatema mapazi emiti vakaawarira mumugwagwa. 9 Vazhinji vakanga vakatungamira mberi navaya vakanga vachitevera vakadanidzira vachiti: “Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!” “Akaropafadzwa uyo anouya muzita ralshe!” “Hosana kumusoro-soro!”

10 Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa, vakabvunza vachiti, “Ndianiko uyu?”

11 Vazhinji vakati, “Uyu ndiye Jesu, muprofito anobva kuNazareta kuGarirea.”

(Verengawo: Mako 11:1-10, Ruka 19:28-38, Johani 12:12-15)

Ngatitarisei Svondo yemichindwe

- 1. Jesu akaraira vadzidzi kuti vaende muguta. Ikoko vaizondowana mbongoro ne mwana wayo iyo yavaida kushandisa. Ko Jesu akudzei vadzidzi vake?**
- 2. Ko Jesu akaziva sei kuti mwene we mbongoro aizotenda kumupa?**
- 3. Vadzidzi vaifanira kutii kumwene wembongoro?**
- 4. Vanhu vakaitei kuratidza rukudzo wravo kunaJesu apo akapinda muJerusarema?**
- 5. Ko vanhu vakadanidzira vachiti chii?**
- 6. Jesu akapinda muJerusarema akatasva mbongoro sa Mambo wenyika yose. Ko nemhaka yei Jesu akatasva mbongoro panzvimbo chebhiza?**
- 7. Ko izvi zvinorevei pamusoro peupnyu hwedu sevaKristu.**
- 8. Mutoro rudzii uyo Jesu akatitakurira?**
- 9. Ko iwe ungaitei kuratidza rukudzo rwako kunaJesu?**